# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में निवेस मित्र थ्री प्वाइंट जीरो क सुरूआति कइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि नौ सालि पहिले हम्मन के जवन सपना देखले रहलीं ऊ जमीनि पर उतरे जात हौ। आजु दुनिया भर के उद्यमियन बदे निवेस खातिर सबसे पसंदीदा जगहि उत्तर प्रदेस हौ।

***आपने देखा होगा कि इस थ्री जीरो निवेश मित्र का जो हमारा सिंगल विंडो का है इसमें सीमलेश, ट्रांसपैरेंट एण्ड प्रेडिक्टिबल के अनुभव को सुदृढ़ करने वाला एक प्लेटफार्म हम लोगों ने इस निवेश मित्र थ्री जीरो को आपसब के सामने प्रस्तुत किया।***

श्री योगी कहलें कि उत्तर प्रदेश के भारत क फूड बास्केटो कहल जाला।

***उत्तर प्रदेश में भारत के कुल कृषि योग्य भूमि का केवल ग्यारह फीसदी है यूपी के पास लेकिन खाद्यान्न उत्पादन उत्तर प्रदेश कर रहा है देश के अन्दर इक्कीस फीसदी।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री उत्तर प्रदेश प्राइवेट बिजनेस पार्क डेवलपमेंट पॉलिसी–दुइ हजार पचीसो क सुरूआति कइलें। श्री योगी निवेस प्रस्तावन बदे जमीनि क आवंटन के सथहीं लेटर्स ऑफ कम्फर्ट आ पात्रता प्रमाण पत्रो बंटलें। कार्यक्रम में सत्ताइस सौ एक्यासी करोड़ रूपिया क सब्सिडियो भेजल गइल।

**********

सुप्रीम कोर्ट कहले हौ कि खाली हिन्दू, सिख चाहे बौद्ध धरम माने वाले लोगिने अनुसूचित जाति क दरजा पा सके लें। अदालति साफ कइले हौ कि कउनों अउरियो धरम जइसे कि इसाई बनले से अनुसूचित जाति क दरजा जुरते पुरहर तरीका से खतम हो जाला।

***सर्वोच्च न्यायालय ने आंध्र प्रदेश उच्च न्यायालय के एक आदेश को बरकरार रखते हुए कहा कि एक बार कोई व्यक्ति ईसाई धर्म अपना लेता है और सक्रिय रूप से उस धर्म का पालन करता है, तो उसे अनुसूचित जाति का सदस्य नहीं माना जा सकता। न्यायमूर्ति पी. के. मिश्रा और न्यायमूर्ति मनमोहन की पीठ ने फैसला सुनाया कि ईसाई धर्म अपनाने वाला दलित व्यक्ति अनुसूचित जाति और अनुसूचित जनजाति (अत्याचार निवारण) अधिनियम के तहत संरक्षण का दावा नहीं कर सकता। न्यायालय ने कहा कि यह स्थिति संविधान (अनुसूचित जाति) आदेश, 1950 के तहत स्पष्ट रूप से स्थापित है। न्यायालय के अनुसार, 1950 के आदेश के खंड 3 के तहत लगाया गया प्रतिबंध बाध्यकारी है। समाचार कक्ष से मैं कनकलता।***

**********

कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि केन्द्र सरकार के लगतारे कोसिस से देस में किसानन के आमदनी में खासे बढ़ोत्तरी भइल हौ। लोकसभा में आजु प्रस्नकाल में पूरक सवालन क जबाब देत श्री चौहान किसानन के आमदनी के बारे में जनकारी दिहलें।

***कई किसानों की आय दुगनी हुई है और केवल दुगनी नहीं माननीय अध्यक्ष महोदय, कई किसानों की तिगुनी भी हुई है, कई की चौगुनी भी हुई है। मैं आज बताना चाहता हूं हमने बजट बढ़ाके 19 हजार तीन सौ छह करोड़ से एक लाख 30 हजार करोड़ से ज्यादा। हमने उत्पादन बढ़ाने का काम किया है। चौदह के बाद 44 परसेंट उत्पादन अलग–अलग खाद्यान्न का बढ़ा है।***

**********

एयर इंडिया आ एयर इंडिया एक्सप्रेस आजु पच्छिम एशिया से आवे–जाये वाले चउबीस निर्धारित आ बिसेस उड़ान संचालित करी। एगो बेयान में बतावल गइल हौ कि ऊ सउदी अरब जेद्दा से आवे–जाये वाले उड़ान के जारी रखिहें।

**********

आजु विश्व क्षय रोग दिवस हौ। ई दिवस क्षय रोगि से तंदुरूस्ती, सामाजिक आ आरथिक हालति पे पड़े वाले घातक असरि के बारे में जागरूकता बढ़ावे आ येह बेमारी के खतम करे बदे मनावल जाला। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये लोगिन से येह रोगि क लक्षण समय पर पहिचनले आ उचित इलाज के जन–आन्दोलन बनवले क आवाहन कइलें।

**********

चइत नवरातर के छठवां दिन्ने आजु मां दुर्गा के कात्यायनी स्वरूप क पूजा–पाठ कइल जा रहल हौ। मिर्जापुर क मां विन्ध्यवासिनी देवी मंदिर, वाराणसी क बागेश्वरी मंदिर आ महराजगंज जिला क लेहड़ा माता मंदिर में ढेरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन करे बदे पहुंचि रहल हवें। बलरामपुर के देवीपाटन में मां पाटेश्वरी देवी मंदिरो में सरधालुअन क भारी भीड़ि हौ। एगो रिपोर्ट–

***बलरामपुर के देवी पाटन शक्तिपीठ पर नवरात्रि के छठी तिथि को मां के छठवें स्वरूप मां कात्यायनी की आराधना हेतु सुबह से श्रद्धालु कतारों में लग कर दर्शन पूजन कर रहे है। नेपाल से भी बड़ी संख्या में श्रद्धालु आए हुए है। सुरक्षा व्यवस्था हेतु पुलिस एवं सशस्त्र सीमा बल निगरानी में लगे हुए हैं। रामकुमार मिश्र, आकाशवाणी सामचार देवी पाटन शक्ति पीठ बलरामपुर।***

**********

प्रयागराज में फाफामऊ इलाका के चंदापुर क कोल्ड स्टोरेज हादसा मामिला में पुलिस कुछु लोगिन के हिरासति में ले के पूछताछ कइ रहल हौ। पुलिस उपायुक्त गंगानगर कुलदीप सिंह गुनावत बतवलें कि येह बारे में मोकदिमा दरज कइ लिहल गइल हौ। काल्हि कोल्ड स्टोरेज क छत ढहले से चारि गो मजुरहन क मउति हो गइल रहे आ पनरह जने घाही हो गइल रहलें।

**********